

M ap li nèt ale


Liv Elèv Kreyòl

Tòm 2

Twazyèm
ane



USAID | **AYITI**
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon,
konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES,
Spécialiste du développement des
matériels de créole, USAID/ RTI/
ToTAL

Reginald Calixte BRICE, Educateur,
Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Jovany VINCENT, Educateur, Consultant,
USAID/ RTI/ ToTAL

Standley KETAN, Educateur/ Consultant,
USAID/ RTI/ ToTAL

Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/
Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Darline ALEXIS, Consultante, USAID/
RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)

Josette GABOTON, Consultante, DEF/
EPT-BM (Correction)

Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/
RTI/ ToTAL (Relecture)

Nathalie LEMAINÉ, Consultante, USAID/
RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marie Rodny Laurent ESTÉUS,
Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL
(Élaboratrice d'histoires)

Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/
RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant,
USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

Loretta GARDEN, USAID

Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID

Josiane H. BARNES, USAID

Nathalie RICOT, USAID

Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL

Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/
ToTAL

Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/
ToTAL

Laurette CUPIDON, Coordinatrice du
Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL

Emmanuel FILIPPI, Coordinateur du
bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL

Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP

Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/
MENFP

Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du
Curriculum et formation, DEF, MENFP

Chantal ROQUES, Coordinatrice PDCL

Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de
formation PDCL

Dieudonne JOSEPH

Jean Daniel CLEDOR

Alius JOSEPH

Sa ki nan liv la

Leson 51	2	Leson 76	51
Leson 52	4	Leson 77	53
Leson 53	6	Leson 78	54
Leson 54	8	Leson 79	56
Leson 55	9	Leson 80	57
Leson 56	11	Leson 81	59
Leson 57	14	Leson 82	62
Leson 58	16	Leson 83	63
Leson 59	19	Leson 84	66
Leson 60	20	Leson 85	67
Leson 61	22	Leson 86	69
Leson 62	25	Leson 87	71
Leson 63	26	Leson 88	73
Leson 64	28	Leson 89	75
Leson 65	30	Leson 90	76
Leson 66	32	Leson 91 Revizyon	78
Leson 67	36	Leson 92 Revizyon	80
Leson 68	37	Leson 93 Revizyon	82
Leson 69	39	Leson 94 Revizyon	84
Leson 70	40	Leson 95 Revizyon	86
Leson 71	42	Leson 96 Evalyason 1	88
Leson 72	45	Leson 97 Evalyason 2	89
Leson 73	46	Leson 98 Evalyason 3	90
Leson 74	48	Leson 99 Evalyason 4	91
Leson 75	49	Leson 100 Evalyason 5	92

Leson 51. Konnen lòt yo



M ap li

edikasyon alfabetizasyon òganizasyon ministè sitwayen politik



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Diplome : ki gen yon diplòm.

Responsablite : obligasyon yon moun genyen anvè yon lòt moun oswa anvè tèt li.



M ap li ak bon ton

Mwen gen gwo responsablite.

Mwen dwe yon modèl pou lasosyete.

Mwen pral lekòl, nan inivèsite.

M ap etidye pou m ka diplome.

Yon modèl sitwayen

Gen moun ki egziste, k ap travay san fè bri, k ap travay pou lavi fleri. Pafwa, se yon seri pèsonaj byen senp men aktivite yo mennen fè lasosyete bouje.



Adlin Chansi se youn nan yo. Li fèt Pòtoprens. Li te timoun tankou tout timoun. Apre etid segondè li, li diplome nan lekòl nòminal siperyè. Byen bonè Adlin te marye. Responsablite fanmi li lakòz etid inivèsitè li pa fèt toudenkou. Men lè dènye pitit li rantre nan inivèsite, li reprann etid li pou l al aprann syans edikasyon.

òganizasyon :

Gwoup moun k ap travay ansanm pou yo reyalize yon menm objektif.

Monreyal :

Youn nan pi gwo vil nan peyi Kanada.

Adlin vanyan anpil, li patisipe nan aktivite pou chanje imaj lavi, espesyalman nan batay pou ede respekte dwa fi, nan batay pou yo respekte dwa moun andikape, ak nan travay pou defann dwa pou moun sèvi ak lang kreyòl la. Li te manm **òganizasyon** ayisyen k ap sipòte kreyòl la **Monreyal**. Li vin Sekretè d Eta Alfabetizasyon an 1996 epi Minis Kondisyon Fanm an me 2004 kote li mete ministè a sou bon pye.

Li kwè se aktivite l kòm sitwayen ki mete l sou sèn politik la.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Sou kilès yo bay enfòmasyon nan tèks la ?
2. Ki batay li mennen pou ede chanje sosyete a ?
3. Ki sa ki montre li se yon moun responsab ?
4. Pou ki sa yo prezante l tankou yon sitwayen modèl ?
5. Ki pòs enpòtan li te okipe ?

Mwen dwe konnen

- Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li bay yon seri enfòmasyon sou sa moun nan fè pandan l ap viv.
- Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li yo rele tèks la **otobiyografi**.
- Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon fraz minimal, fraz la p ap gen sans ankò.

Leson 52. Konnen lòt yo

Yon modèl sitwayen, leson 51 an



Mwen se yon gwo espas.

Mwen resevwa anpil pwofesè ak etidyan.

Mwen fòme tout kalite moun :

Edikatè, doktè, enjenyè, kontab, jesyonè...

Mwen fonksyone maten kou aswè

Mwen resevwa sèlman moun ki fini lekòl.

Lè ou vin pran fòmasyon lakay mwen

Yo rele ou inivèsitè.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

lekòl

segondè

inivèsite

etid

diplome

inivèsitè



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Alfabetizasyon : aprann yon moun ki pa t al lekòl li ak ekri.

Vanyan : brav, ki gen kouraj.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa batay pou respè dwa fi ak dwa moun andikape enpòtan anpil ?
 2. Nan fraz « Moun ap travay pou lavi fleri », ak ki lòt mo nou ka ranplase mo « lavi » ?
 3. Daprè ou èske w panse li bon pou ayisyen defann lang kreyòl la ?
-




M ap li ak bon ton

Yon bon politisyen dwe respekte lwa ak konstitisyon peyi l. Li dwe travay pou pwogrè peyi l.

- Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li bay yon seri enfòmasyon sou sa moun nan fè pandan l ap viv.
 - Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li yo rele tèks la **otobiyografi**.
 - Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon fraz minimal, fraz la p ap gen sans ankò.
-

Leson 53. Konnen lòt yo



M ap li

lesklavaj

zansèt

ewo

esklav

libète

anbake



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Lesklavaj : sitiyasyon moun ki pa gen okenn libète epi yo fòse travay pou granmesi.

Ewo : moun ki fè gwo sakrifis pou defann yon kòz, yon peyi...



M ap li ak bon ton

Nou tout pa ka sanble.

Nou pa ka toujou gen menm lide.

Youn pa dwe kritike lòt.


Se nan respè nou chak ap ka viv ak lòt.

Mwen dwe konnen

- Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li. Se yon fraz menm si nou retire youn oubyen plizyè mo ladan l, l ap toujou gen yon sans.

Toussaint Louverture

Toussaint Louverture se te youn nan moun ki te ede pèp ayisyen soti nan lesklavaj. Se pou sa nou konsidere l tankou yon ewo istwa peyi d Ayiti. Li se youn nan zansèt nou pi onore ak lòt tankou *Catherine Flon, Jean-Jacques Dessalines, ...*



bitasyon :
Yon gwo lakou
kote moun
abite.

Toussaint te fèt sou yon **bitasyon** kote papa l te esklav. *Toussaint* pa t al

lekòl, men yon esklav ki te rele Pyè Batis te montre l li ak ekri an kachèt.

Toussaint te sèvi ak ti limyè sa a pou l li anpil liv sou gouvènman pèp ak jan yo fè lagè. Li te youn nan premye esklav ki te konprann fòk esklav gen anpil konesans pou ka lite byen pou libète yo. Esklav yo te konn lite jan yo kapab, men yo pa t ko ka òganize lit la byen.

lame :
Enstitisyon ki
la pou defann
ak pwoteje yon
peyi.

Se konsa lè *Toussaint* vin jwenn yo, yo rekonèt li kòm chèf. Avèk *Toussaint*, **lame** esklav la vin pi byen òganize. Kolon yo konsidere *Toussaint* kòm yon danje pou yo. Yon jou, yo pran li, yo anbake li sou yon bato. Yo voye l al mouri nan prizon an Frans.

Lè bato a prale, *Toussaint* di : « Se kò pyebwa libète ayisyen nou koupe jodi a. Men sa pa fè anyen. Rasin yo fon, yo anpil, y ap repouse ankò. »

Konprann sa nou li, IPN (1984)



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès moun *Toussaint Louverture* ye ?
2. Kilès ki te aprann *Toussaint* li ak ekri ?
3. Ki kalite liv *Toussaint* te konn li ?
4. Ki sa *Toussaint* te pote pou esklav yo ?
5. Ki sa *Toussaint* te di lè bato ki te pran l la t ap demare ?

Leson 54. Konnen lòt yo

Toussaint Louverture, leson 53 a



Mwen se te yon ayisyen vanyan.

Papa m se te yon esklav.

Mwen te batay anpil pou peyi

D Ayiti te ka endepandan.

Blan franse te arete m, voye m

An Frans epi mete m nan prizon.

Mwen se yon gwo ewo pou peyi m.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

bitasyon

kachèt

lame

lagè

chèf

bato



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Gouvènman : gwoup moun ki la pou dirije yon peyi.

Kolon : gwoup moun ki kite peyi yo pou y al eksplwate tè yon lòt peyi.



M ap reflechi sou tèks la

1. Èske w renmen *Toussaint Louverture* ? Pou ki sa ?
 2. Pou ki sa yo te anbake *Toussaint* sou bato pou peyi Lafrans ?
 3. Èske w panse *Toussaint* te gen rezon di dènnye fraz la ? Bay rezon yo.
-



M ap li ak bon ton

Fi yo gen anpil enpòtans nan yon sosyete. Nou dwe respekte, pwoteje epi ankouraje yo.

Mwen dwe konnen

- Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li yo rele tèks la **otobiyografi**.
 - Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li. Se yon fraz menm si nou retire youn oubyen plizyè mo ladan l, l ap toujou gen yon sans.
-

Leson 55. Konnen lòt yo



Mwen se yon bèl ti zwazo.
Mwen gen koulè jòn ak gri.
Mwen renmen vole sou branch bwa.
Mwen konn chante anpil.
Mwen gen bèl vwa.
Lè yon moun konn chante,
Yo di li chante tankou mwen.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

antre kanpe pase tandè chante chache



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Toubiyon : gwo van ki soufle rapid ki fè objè yo vire tou won.

Bisantnè : katye nan vil Pòtoprens ki tou pre waf la.

Mwen dwe konnen

- Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon fraz minimal, fraz la p ap gen sans ankò.
 - Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li.
 - Yon pwezi se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
 - Yon emosyon se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
-

Lumane CASIMIR



Si lakansyèl te gen vwa
Si lakansyèl te ka chante
Se tankou Limàn li ta chante
Kote Limàn pran lavwa
Gen youn toubiyon ki leve
Mande pye palmis yo danse
Epòk sa a, se nan tan Bisantnè
Si ou fèt avantye
Ou paka konnen
Kouman Ayisyen te fou pou li
Kouman yo te renmen
Limàn Kazimi

Jean Claude MARTINEAU, Koralen



M ap reflechi sou tèks la

1. Li premye fraz la. Ki sa w remake ?
2. Ki sa Limàn te konn fè ?
3. Pou ki sa ayisyen te renmen l ?
4. Ki chantè ayisyen ou pi renmen ? Pou ki sa ?
5. Èske w ta renmen konn chante menm jan ak Limàn ? Pou ki sa ?

Leson 56. Sa mwen ka fè



M ap li

netwaye

tranpe

epis

zoranj

sèl

bouyi



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Netwaye : pwòpte, retire sa ki pa bon.

Tranpe : mete epis ak asid nan yon vyann pou li ka gen bon gou.



M ap li ak bon ton

Ala bon manje se tchaka !

Nou ka manje l san traka.

Tèlman li gou yon ti bòl pa sifi.

Atansyon ! M ap manje l ak mezi.

Tchaka



1 ti mamit mayi kase
½ ti mamit pwa melanje (pwa wouj, pwa bè ak pwa nwa)
Pye kochon, plis vyann bèf
Yon moso joumou
Tout kalite epis

Preparasyon :

Netwaye mayi a, lave l epi mete l tranpe pandan inèdtan. Mete l bouyi ak **epis** epi yon kiyè lwil. Netwaye pwa a epi mete l bouyi nan yon lòt chodyè. Netwaye vyann yo ak zoranj si epi tranpe l ak bonjan epis. Apre sa, mete li kwit tou tankou lè n ap fè sòs vyann. Lè mayi a byen kwit, lè pwa a prèske kwit, melanje yo ansanm epi ajoute enpe sèl.

Fè yon jan pou vyann nan genyen bon gou. Lè li byen kwit, mete l nan mayi ak pwa a, melanje yo epi mete moso joumou an bouyi ansanm ak yo. Lè joumou an kwit, kraze joumou oubyen **blennde** li epi vide l nan melanj lan tou. Lage yon piman vèt antye epi yon bouke ten ak pèsi ladan l.

Kite li bouyi. Si l manke dlo, ajoute dlo bouyi epi kite li konsonmen.

epis :

Plant moun mete nan manje pou bay manje a gou ak bon odè.

blennde :

Ki moulen nan yon aparèy ki rele blennde.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa yo rele tchaka a ?
 2. Site de nan engredyen yo bezwen pou yo fè tchaka ?
 3. Kijan yo sèvi ak mayi a ?
 4. Pou ki sa yo mete piman ak epis ladan l ?
-

Mwen dwe konnen

- Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo ak yon.**
 - Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **a, e, è, i, o, ò, ou,** n ap mete atik **a** dèyè li.
 - Tout mo ki fini ak yon konsòn tankou (**l, k, y, j, p, t...**) nou ap mete atik **la** dèyè li.
-

Leson 57. Sa mwen ka fè

Tchaka, leson 56 la



Mwen se yon aparèy.
Mwen mache ak kouran.
Mwen gen yon po an vè
Oswa an plastik.
Lè y ap fè ji yo sèvi avè m.
Yo sèvi avè m pou moulen plizyè
Kalite lòt pwodui oswa fwi.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

piman

pèsi

ten

lwil

konsonmen

blennde



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Melanje : mete plizyè pwodui ansanm pou fè yo tounen yon sèl.

Konsonmen : byen bouyi.



M ap reflechi sou tèks la

1. Apre tchaka, ki sa yo konn fè ak mayi ankò ?
 2. Èske ou renmen manje tchaka ? Pou ki sa ?
 3. Ki lòt resèt manje ayisyen ou renmen ? Ak ki sa yo fè l ?
-




M ap li ak bon ton

Nan anpil zòn nan peyi d Ayiti yo fè tchaka. Anpil ayisyen renmen manje tchaka.

- Yon tèks **enjonktif** se yon tèks ki bay yon seri eksplikasyon sou jan pou nou fè divès aktivite.
 - Yon atik se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.
 - Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **l, k, y, j, p, b, t, n** ap mete atik **la** dèyè li.
-

Leson 58. Sa mwen ka fè



M ap li

ang

mitan

goch

dwat

anba

anlè



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Papye : fèy ki sèvi pou moun ekri.

Kare : fòm jewometri ki gen kat ang dwat epi kat kote yo egal.



M ap li ak bon ton

Papye gen anpil itilite.

Li ka sèvi pou fè divès aktivite.

Li sèvi pou fè jwèt, desen ak ekri.

Timoun sèvi avè l tou pou fè madigridi.

- Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
 - Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **an, en, on**, n ap mete atik **an** dèyè li.
 - Tout mo ki fini ak yon konsòn tankou (**l, k, y, j, p, t...**) nou ap mete atik **la** dèyè li.
-

Kòkòt an papye

Pou fè yon kòkòt an papye ou dwe suiv etap sa yo :

- Pran yon fèy papye ki gen fòm kare.
- Chwazi de ang opoze. Pliye fèy la yon fason pou de ang yo tonbe youn sou lòt.

depliye :
Ouvè sa ki te pliye.

- **Depliye** fèy la. Pliye de lòt ang opoze yo menm jan ak de premye ang yo.

- Ouvè fèy la. W ap wè yon pwen nan mitan fèy la.

- Pliye kat ang fèy la yon fason pou yo rive nan pwen ki nan mitan an.

- Vire fèy la lè ou fin pliye l.

- Pliye kat lòt ang yo menm jan ak premye fas la.

- Kase bò dwat la sou bò goch la. Apre sa ouvri li jan li te ye a.

- Kase pati anba a sou pati anlè a. Apre sa ouvri li jan li te ye a.

- Antre kat dwèt ou nan do fèy la.

- Fè mouvman ak dwèt ou pou jwe ak **kòkòt** papye a.



kòkòt :
Jwèt ki fèt an papye pliye ki gen fòm poul oswa kana.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele jwèt nou pral reyalize a ?
 2. Ki sa nou bezwen pou nou reyalize li ?
 3. Ki sa nou fè ak dwèt nou pou nou ka jwe ak kòkòt la ?
-

Leson 59. Sa mwen ka fè

Kòkòt an papye, leson 58 la



Mwen se yon figi jewometri.

Mwen pa rektang.

Mwen pa triyang non plis.

Mwen gen kat ang dwat.

Mwen gen kat kote.

Chak kote mwen yo egal.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

kase

pliye

depliye

vire

ouvri

opoze



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Ang : kote de liy dwat rankontre.

Pliye : kase pou fè pli.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki lòt jwèt ou konn reyalize ak papye ?
 2. Èske w panse li fasil pou reyalize « Kòkòt an papye » a ? Pou ki sa ?
 3. Èske ou renmen kòkòt an papye ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Sonya ak Patrik ap fè kòkòt an papye. Sonya ap koupe pape ak sizo epi Patrik ap pliye pape yo.

Mwen dwe konnen

- Yon atik se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Nan lang kreyòl, atik yo se : la, a, an, nan, lan, yon ak yo.
 - Tout mo ki fini ak son (n, eng ...) nou ap mete atik nan dèyè li.
-

Leson 60. Sa mwen ka fè



Mwen pa avwàn, mwen pa banana.

Mwen sanble ak labouyi.

Mwen gou anpil, anpil.

Mwen fèt ak mayi oswa ak ble.

Yo bwè m ak lèt oswa san lèt.

Yo bwè m ak pen oswa san pen.

Lè mwen cho mwen pi bon.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

akasan

mayi

fòs

kran

towo



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kran : ki gen kouraj, ki pa kapon.

Towo : mal bèf.

Mwen dwe konnen

- Yon atik se yon mo kout ki bay presizyon sou non li akonpaye a. Atik la souvan plase aprè non an.
 - Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
 - Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
 - Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.
-

Akasan



Ala bon bagay se akasan !
Li bay fòs e li bay kran.
Lè ou vin gade, m vin byen gwo
Tankou yon bèl jèn ti towò.
Men sekrè ki fè m renmen wè l
Paske se ak mayi yo fè l.

Komite Edikasyon Karitas/ Ench



M ap reflechi sou tèks la

1. Ak ki sa yo fè akasan ?
 2. Ki efè l ka fè sou kò moun ?
 3. Èske w renmen akasan ? Bay rezon an.
-

Leson 61. Enpòtans plant yo



M ap li

vèvenn sitwonèl bwadchenn mapou zaboka mango



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Dijesyon : transfòmasyon manje sibi nan lestomak ak entesten yon moun anvan li distribiye nan divès pati nan kò li.

Vitamin : eleman natirèl nou jwenn nan manje ak fwi yo ki bon anpil pou fonksyonman kò moun.



M ap li ak bon ton

Tout plant gen valè.

Plant yo se gwo resous pou lametsin.

Genyen ki bon pou doulè.

Gen lòt ki bay anpil vitamin.

Vèvenn ak pye Zaboka

Nan lakou Sekoya, gen tout kalite pyebwa. Se yon paradi. Depi nan antre lakou a, odè ilan - ilan, bazilik, jasmèn, vetivè anbonmen tout vizitè ki vin pase yon jounen nan lanati, pou respire lè fre, lè pwòp. Pafwa, moun ki gen zorèy pou tande pawòl lanati konn temwen konvèsasyon ant plant yo. Yon jou, se pye Zaboka ak Vèvenn ki te tanmen yon diskisyon sou itilite chak plant nan lakou a.



vèvenn :

Plant ki sèvi pou fè te ki bon pou divès maladi.

Pye Zaboka : Vèvenn, fèy ou yo piti, yo pouse anpil, yo fòme yon pakèt bèl boukè tout kote nan lakou a.

Vèvenn : Zaboka, mèsè anpil pou bèl konpliman sa a. Men ou menn tou, fèy ak fwi ou yo byen klere.

Pye Zaboka : Se vre, mwen donnen yon fwi prèske tout moun renmen. Fwi mwen sèvi akonpayman pou anpil lòt manje. Yo fè **salad** ak mwen. Lwil ak vitamin ki nan fwi pwoteje po ak cheve. Men ou menn Vèvenn mwen konnen ou gen anpil enpotans tou.

salad :

Fèy melanje ak legim oswa fwi moun ka manje kri.

Vèvenn : Mwen pa bay fwi, men mwen genyen itilite nan lòt domèn. Mwen ede moun lè yo gen tèt fè mal, pwoblèm dijasyon, rimatis elatriye. Mwen bon pou anpil maladi.

Pye Zaboka : O ! mwen pa konnen ou te bon pou tout kalite maladi sa yo. Chapo ba pou ou.

Vèvenn : Ou konnen, chak plant nan lakou a gen enpotans pa li. Plant tankou fwi ak legim gen vitamin k ap pèmèt kò moun fonksyone byen. Gen plant ki bon pou geri maladi. Gen lòt menm rasin yo gwo anpil, yo kenbe tè a pou dlo lapli pa pote l ale.

Se te konsa, Pye Zaboka ak Vèvenn te kontinye pale sou enpotans chak plant. Gen lòt plant tankou Mapou, Bwadchenn, Sitwonèl, Asowosi, Mango ki antre nan deba a.

Yo tout dakò kèlkeswa plant la, li itil.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele pèsonaj nan tèks la ?
2. Kilès nan fraz sa yo ki kòmanse istwa ?
 - Nan lakou Sekoya gen tout kalite pyebwa.
 - Pye Zaboka tanmen yon sèl diskisyon ak Vèvenn.
3. Èske Pye Zaboka ak Vèvenn itil ? Pou ki sa ?
4. Pou ki sa yo di tout plant gen plas yo nan lakou a ?

Mwen dwe konnen

- Yon **pyès teyat** se yon tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn devan yon piblik.
 - Yon **pèsonaj** se wòl yon aktè ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.
 - Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yon** ak **yo**.
-

Leson 62. Enpòtans plant yo

Vèvenn ak pye Zaboka, leson 61 an



Mwen se yon kalite manje.

Mwen fèt ak leti, kreson, tomat

Bètrav, kawòt, konkonm...

Yo manje ak lòt manje tankou diri.

Konsa tou yo ka manje m kri.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

manje

mayi

diri

pen

viv

salad



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Rimatis : gwo doulè moun genyen nan atikilasyon li yo.

Fonksyone : mache san pwoblèm.



M ap reflechi sou tèks la

1. Kilès nan pèsonaj yo ou renmen ? Pou ki sa ?
 2. Èske w dakò ak Vèvenn lè l di chak plant gen enpòtans pa li ? Bay rezon an.
 3. Daprè ou èske istwa fini byen ? Pou ki sa ?
 4. Si w te nan plas otè a ki jan w t ap fini istwa a ?
-





M ap li ak bon ton

Chak plant gen enpòtans pa li. Plant tankou fwi ak legim gen vitamin k ap pèmèt kò moun fonksyone byen. Gen plant ki bon tou pou geri maladi.

Mwen dwe konnen

- Yon **pyès teyat** se yon tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn devan yon piblik.
 - Yon **pèsonaj** se wòl yon aktè ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.
-

Leson 63. Enpòtans plant yo



M ap li

legim

chou

kawòt

pòm detè

bannann



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Tanperati : nivo chalè oswa frede ki yon kote.

Savoure : manje ak plezi yon fason pou montre ou apresye gou manje a.



M ap li ak bon ton

Yon ane gen kat sezon.

Chak sezon mache ak yon tanperati.

Pandan pretan ak lete, li fè bon.

Livè ak lotòn charye gwo fredi.

Mwen dwe konnen

- Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
- **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
- **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan leta oswa lòt kote.

Lèt Chèlin pou kouzin li Nina

Pòtoprens, 15 me 2014

Chèlin Women

Lenbe

Kouzin mwen,

Depi kèk jou mwen vle ekri w, pou m rakonte w jan mwen viv yon bon jounen ak kanmarad lekòl mwen yo. Klas mwen an te al vizite Lise Jan Pòl 2 nan Kenskòf. Se premye fwa mwen te soti al lwen konsa. Nou kite



lekòl la Dèlma 41, nou pran direksyon Petyonvil. Depi Petyonvil, tanperati a chanje. Sou tout wout la, se mòn n ap monte. Sou do mòn yo, nou dekouvri yon seri jaden legim byen trase : jaden chou blanch tankou chou vyolèt, kawòt ak pòm detè. De lwen yo sanble teren **gazonnen**. Anplis, tout arebò wout la dekore ak flè solèy ki leve san konplèks nan mitan wòch yo. Nou pran anpil plezi nan frechè ki genyen gwo midi nan Kenskòf pandan n ap savoure yon bon **griyo** ak bannann peze. Sa fè m bliye chalè nan Dèlma.

gazonnen :
Ki chaje ak gazon.

griyo :
Vyann kochon fri.

Kouzin, mwen kontan fè ti pale sa avè w. Salye monnonk mwen.

Kouzin ou

Nina Aleksann



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Nan ki dat yo ekri lèt la ?
 2. Ki relasyon ki genyen ant de pèsonaj yo ?
 3. Ki kote elèv yo te al vizite ?
 4. Ki dekouvèt yo fè nan zòn nan ?
-

Leson 64. Enpòtans plant yo

Lèt Chèlin pou zanmi li Nina, leson 63 a



Mwen se yon manje lokal.
Anpil moun renmen m.
Ou jwenn mwen nan restoran
Ak nan tout bak machann.
Mwen se yon melanj
Bannann peze, pòm dete, patat fri...
Pou m ka pi gou yo ajoute pikliz oswa vinèg.
Kilès mwen ye ?



M ap li

wout mòn teren wòch gazonnen flè



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Direksyon : wout yon moun pran.

Konplèks : sa ki ka fè yon moun jennen oswa timid lè l ap aji.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki rezon Nina ekri Chèlin ?
 2. Esplike nan ki sans yo di tanperati a chanje ?
 3. Èske w konn al fè vizit ak lekòl ou ? Di sa w konn fè.
 4. Si w te resevwa lèt sa a, ki jan w t ap reyaji ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Pyebwa yo rale frechè nan yon zòn. Plis gen pyebwa, plis lapli ap tonbe.

- Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
 - **Lèt pèsonèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
 - **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan leta oswa lòt kote.
 - Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
-

Leson 65. Enpòtans plant yo



Mwen se yon gaz natirèl.
Mwen pa gaz yo met nan lanp.
Mwen pa gaz yo met nan machin.
Mwen pa gen koulè.
Mwen pa gen odè non plis.
Mwen se gaz ki pèmèt moun
Ak bèt respire pou yo rete vivan.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

pyebwa

frechè

dlo

loksijèn

respire

degaje



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Banda : bwòde, byen chèlbè.

Loksijèn : gaz ki pa gen koulè ni odè ki nan lè a ki pèmèt moun ak bèt respire.

Mwen dwe konnen

- Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
 - Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
-

Ti pyebwa



Ti pyebwa, ou gen anpil enpòtans
Ti pyebwa, ou ban mwen bon jan frechè
Ti pyebwa, ou pare solèy pou mwen.

I

Kouman w ta vle pou m pa renmen w ?
Ou kenbe dlo a nan tè a
Ou kenbe tè a pou dlo pa bwote l
Pou lafrechè taye banda, oye.

II

Kouman w ta vle pou m pa renmen w ?
Ou pèmèt mwen respire bon lè fre
Ak loksijèn w ap degaje tout tan
Pou lavi blayi sou latè, oye.

EKLA/ FONHEP



M ap reflechi sou tèks la

1. Enpòtans ki eleman nan lanati pwezi sa a montre ?
 2. Ki enpòtans pyebwa genyen ?
 3. Pou ki sa lafrechè ap ka taye banda ?
 4. Daprè ou èske nou ka viv san pyebwa ? Bay rezon an.
-

Leson 66. Kanaval ann Ayiti



M ap li

mizik

cha

rara

vaksin

twonpèt

tanbou



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Esponnsò : moun k ap sipòte yon aktivite nan bay tan, lajan oubyen lòt kalite èd.

Reklam : piblisite ki pase nan radyo, nan televizyon pou fè moun enterese achte yon pwodui.



M ap li ak bon ton


Kanaval se peryòd fèt ak kè kontan.

Madigra byen maske ap defile anpenpan.

Didye, djaz, bann apye ap mete animasyon.

Fanatik ap defoule yo epi y ap koule bweson.

Kanaval rive



Tousuit apre Lewa, Ayisyen ap pare pou kanaval. Gwoup mizikal kòmanse voye mizik yo nan radyo. Avan jou gra yo rive, chak dimanch, Cha didje yo kreye anbyans sou channmas. Se menm jan pou bann a pye k ap chofe beton an ak tout kalite enstriman tankou : **graj**, **vaksin**, tanbou ak twonpèt, eksetera.

graj :

Enstriman mizik ki fèt tankou yon graj.

vaksin :

Enstriman mizik avan ki itilize nan rara.

Enskripsyon kòmanse nan lameri pou tout gwoup ki enterese. Yo tout al chache esponsò bò kote mezon komèsyal yo paske kanaval se mwayen pou fè tout kalite reklam.

Atis ak atizan kreye bèl zèv tout koulè pou mete gete. Dansè fi kou gason ap chache kontra pou y al danse.

Yon semèn anvan defile yo, komite kanaval la pibliye lis non gwoup mizikal ak bann a pye k ap gen chans patisipe nan anbyans la. Kontantman pou gwoup ki nan lis la, desepsyon pou lòt yo. Lajounen kou lannuit estann ak cha ap konstwi, yo dekore byen bèl. Channmas an penpan paske jou a pre rive.

Se pa nan peyi d Ayiti sèlman yo fete kanaval. Kanaval se yon tradisyon nou jwenn nan anpil peyi nan Karayib la ak nan peyi Amerik latin yo tankou Babad, Gwadeloup, Brezil, eksetera.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Nan ki mwa kanaval kòmanse ann Ayiti ?
2. Ki enstriman bann a pye yo itilize ?
3. Ki kote yo konn fè defile pou kanaval la pandan twa jou gra yo ?
4. Pou ki sa yo di kanaval se yon tradisyon ?

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
 - **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
-

Leson 67. Kanaval ann Ayiti

Kanaval rive, leson 66 la



Mwen se yon gwo fèt popilè.
Mwen se koulè ak bèl degizman.
Mwen se moman madigra pran lari.
Mwen fèt an fevriye oswa an mas.
Mwen se fèt anpil ayisyen renmen.
Depi ou wè bann apye ak cha
Se mwen ki rive.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

estann

esponnsò

didje

atizan

dansè

kontra



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Estann : enstalasyon an bwa oswa an metal ki fèt anlè pou pèmèt yon djaz, yon didye jwe oswa pou moun ka asiste yon pwogram.

Desepsyon : santiman yon moun genyen lè li wè bagay yo pa pase jan li te swete a.



M ap reflechi sou tèks la

1. Èske w renmen epòk kanaval ? Pou ki sa ?
 2. Daprè ou pou ki rezon gwoup yo ka gen kontantman oswa desepsyon apre anbyans kanaval la ?
 3. Di sa ou panse ki dwe chanje nan fason kanaval la fèt ?
-



M ap li ak bon ton

Se pa nan peyi d Ayiti sèlman yo fete kanaval. Kanaval se yon tradisyon nou jwenn nan anpil peyi nan Karayib la ak nan peyi Amerik latin yo.

- Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
 - Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou.**
 - Tout detèminan posesif yo toujou vini aprè non an.
-

Leson 68. Kanaval ann Ayiti



M ap li

polemik

pakou

chanmas

ochan

repòtaj

jounalis



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Polemik : sitiyasyon kote de djaz ap ekri chante pou kritike youn lòt pandan peryòd kanaval.

Pakou : espas ki rezève nan kanaval pou cha ak bann apye defile.



M ap li ak bon ton

Kanaval se bèl koulè.

Kanaval se degizman ak flè.

Kanaval se bèl pawòl ak mizik.

Kanaval se respè menmsi gen polemik.

Mwen dwe konnen

- Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
- **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple youn moun sou yon sijè.

Twa jou gra nan Pòtoprens



Kanaval rete yon bèl aktivite. Pi fò moun branche. Depi lavèy, bal wa ak rèn yo fèt nan palè nasyonal. Se konsa kanaval la lanse.

Dimanch dezè, lameri lanse defile a. Bann a pye byen degize. Madigra, byen maske, ap trase bèl dans, kwaze le-uit depi devan lameri. Yo pase channmas jouk rive nan bout pakou a. Bann a pye yo an denmon, drapo yo ap flote de bò : koulè vèt, jòn ak wouj pou Raram ; jòn ak nwa pou Zapzap ; woz e vèt pou Rara Pa Nou.

Chak djaz k ap pase, trennen yon foul fanatik byen sere. **Djaz** yo kanpe devan chak estann pou bay bèl **ochan**. Gen djaz menm ki nan polemik. Nan tan lontan, te gen D.P. Express kont Scorpio. Kounye a, gen T-Vice kont Djakout. Jounalis pèdi vwa yo nan fè repòtaj pou moun ki rete lakay.

Pandan twa jou gra yo, se te bèl anbyans. Tout moun te kontan.

djaz :
Gwoup mizikal
ki jwe konpa ak
lòt estil mizik.

ochan :
Salitasyon
espesyal yon
djaz ba yon
moun oswa yon
gwoup moun.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo danse kanaval nan Pòtoprens ?
2. Site non kèk bann a pye yo pale de yo nan tèks la.
3. Ki gwoup ki konn fè polemik nan kanaval la ?
4. Pou ki rezon jounalis yo pèdi vwa yo ?

Leson 69. Kanaval ann Ayiti

Twa jou gra nan Pòtoprens, leson 68 la



Mwen travay nan radyo
oswa nan televizyon.

Mwen prezan nan tout gwo aktivite.

Mwen chèche ak bay enfòmasyon.

Metye m se enfòmè tout moun.

Men mwen pa kreye enfòmasyon.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

repòtaj

fanatik

polemik

anbyans

defile

madigra



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Jounalis : moun pwofesyon yo se chèche ak bay enfòmasyon nan radyo, nan televizyon...

Repòtaj : Tout enfòmasyon yon jounalis rapòte dapre sa li wè oswa sa li tande.



M ap reflechi sou tèks la

1. Nan twa jou gra kanaval yo ki sa w konn fè ?
 2. Èske w panse li bon pou gwoup yo fè polemik ?
 3. Ki gwoup ou renmen ? Pou ki sa ?
 4. Èske w panse tout moun renmen anbyans kanaval la ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Nan peyi d Ayiti pandan twa jou gra yo, se bèl anbyans. Tout moun kontan. Defile bann apye ak rara nan tout lari.

Mwen dwe konnen

- Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
-

Leson 70. Kanaval ann Ayiti



Mwen se yon gwoup mizik.
Mwen pa yon djaz.
Mwen pa yon òkès.
Mwen jwe tankou fanfa.
Mwen gen plizyè mizisyen.
Gen mizisyen ki jwe vaksin,
Gen lòt ki jwe tanbou, tchatcha,
Graj, banbou, senbal...
Mwen jwe nan kanaval ak nan lòt fèt.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

rara kata rèn woule leve tonbe



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Rara : gwoup mizikal ki jwe ak estriman lokal tankou vaksin, graj.

Kata : youn nan estil mizik tradisyonèl ayisyen.

Mwen dwe konnen

- Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
 - Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou.**
 - Tout detèminan posesif yo toujou vini aprè non an.
-

Men rara



Lè rara pral leve
Se vaksin ki kòmanse
Aprè sa se yon banbou
Yon kata tonbe woule
Larenn Chanterèl leve
Li lanse yon chante
Tout moun tonbe rele
Se konsa rara leve.

Men Rara, men Rara, Woy !

*Jean Claude MARTINEAU,
Koralen, Flè dizè
Men Rara, men Rara, Woy !*



M ap reflechi sou tèks la

1. Site non enstriman ki sèvi nan rara ?
 2. Ki sa yo fè anvan rara soti ?
 3. Nan ki epòk rara konn soti ?
 4. Èske ou renmen gade rara ? Pou ki sa ?
-

Leson 71. Relyèf ak vejetasyon



M ap li

plenn

montay

kolin

mòn

plat

wòch



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kolin : ti mòn ki pa twò wo.

Lodyans : blag, istwa.



M ap li ak bon ton

Peyi d Ayiti gen anpil mòn.

Mòn toupatou nan tout zòn.

Men tou gen plenn ak plato.

Kanta dlo, genyen agogo.

De vwazen

Plenn ak Montay se vwazen youn ak lòt. Ansanm ak kolin yo kreye sa ki rele relyèf yon peyi. Montay ki anviwonnen Plenn pwoteje moun, bèt ak jaden. Plenn ak Montay tankou de bon zanmi. Lè tan an agreyab yo bay lodyans. Yo konn bay blag epi pale sou pwoblèm debwazman ak konstriksyon san kontwol. Jodi a, y ap pale sou yon siklòn ki pral pase sou peyi a.



Plenn : Sèvis meteyo anonse yon gwo siklòn.

Montay : Wi. Se pou jodi a. Lapli a komanse farinen.

Plenn : Ou konnen mwen gen fòm plat, siklòn se gwo lenmi pou mwen. Li ka fè anpil **dega** bò kote m : dlo ak van ka detwi jaden ak kay ki sou mwen yo. Se ou ki dwe pwoteje mwen.

Montay : Mwen la pou sa. Mwen se yon gwo mòn. Mwen laj epi mwen long. M ap ralanti fòs tout van avan yo rive sou ou.

Plenn : E dlo a ? Fòk ou ralanti fòs dlo a pou mwen.

Montay : M ap fè tout sa mwen kapab. Men di moun yo sispann koupe pyebwa ki sou mwen yo. Fòk yo plante, rebwaze. Yo dwe konnen se pyebwa yo ki **ralanti** fòs van ak dlo epi ki kenbe tè ak wòch yo.

Plenn : M ap bay moun yo nouvèl la. Yo dwe aprann respekte lanati, konsa y ap pwoteje lavi ak byen yo.

Jou sa a, anpil lapli tonbe. Montay te oblije rele ti frè li kolin pou ba li yon kout men. Montay pa kite okenn gwo van ni lapli detwi jaden ak kay ki sou Plenn.

dega :
Ravaj yon
siklòn fè.

ralanti :
Ale pi
dousman.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Site pèsonaj ki nan tèks la ?
 2. Ki tan yo anonse ?
 3. Pou ki sa Plenn te pè siklòn nan ?
 4. Finalman ki jan Montay rezoud pwoblèm nan ?
-

Mwen dwe konnen

- **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bèt oswa de ki objè y ap pale.
-

Leson 72. Relyèf ak vejetasyon

De vwazen, leson 71 la



Mwen pa yon plènn.
Mwen pa yon plato.
Mwen pa yon kolin non plis.
Mwen se yo pati nan tè a ki wo anpil.
Menm machin pa ka monte m fasil.
Lè mwen chaje ak pyebwa, mwen pwoteje
jaden ki nan plenn yo kont siklòn.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

lapli dlo siklòn dega detwi pwoblèm



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Montay : gwo mòn ki byen wo.

Detwi : kraze oswa devaste.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki jan w santi w lè gen gwo van k ap vante ?
 2. Di tout sa k pase nan tèt ou lè y ap pale de siklòn.
 3. Si w t ap kontinye istwa a, ki jan w t ap fini l ?
-



M ap li ak bon ton

Men ki wòl pyebwa yo ? Pyebwa yo jwe yon wòl enpòtan. Gras ak yo, tè a rete fèm, fòs van yo ralanti.

Mwen dwe konnen

- **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bèt oswa de ki objè y ap pale.
 - Nan lang kreyòl, **detèminan demonstratif** yo se : **sa a**, **sa yo**.
-

Leson 73. Relyèf ak vejetasyon



M ap li

Akayè

Senmak

Gonayiv

Pilbowo

Lenbe

pwomnad



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Pwomnad : mache pou distrè w, pou detann ou.

Rivyè : plizyè sous dlo ki rankontre ansanm.



M ap li ak bon ton

Ala bèl bagay,

Lè plenn yo byen awoze.

Lè mòn yo rebwaze.

Lè kolin, plato chaje fwi : mango, seriz, papay...

Mwen dwe konnen

- Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
- **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bèt oswa de ki objè y ap pale.

Nina ekri chèlin

Nina Aleksann
Vil Pòtoprens, 10 oktòb 2014

Chè kouzin mwen,

Lespri nou branche. Mwen te gen pou m ekri ou tou, e se konsa mwen resevwa lèt pa w la. Kouman fanmi lan ye ?

Pitit, madmwazèl la te òganize yon pwomnad pou nou tou nan Lekòl

Nasyonal Chabo a, pa twò lwen vil Lenbe. Yon gwo bis te vin chache nou devan lekòl la vè sizè di maten. Nou te pase Akayè, Senmak, Gonayiv. Nou te monte yon gwo mòn yo rele Pilbowo. Lè mwen sou mòn sa, m ap gade pyebwa, rivyè. Aa se yon bèl peyizaj ! Nou pase Vil Lenbe. Plis n ap vanse, se plis n ap monte pant. Sa fè mwen konprann vil Lenbe se yon gran plenn. Finalman nou rive Lekòl Chabo. Li chita sou tèt yon kolin chaje ak **santye**.

Lekòl la ap **domine** wout nasyonal la. Pandan nou anlè a, n ap gade yon gwo mòn arebò rivyè Lenbe a. Li chaje ak yon seri wòch tou nwa.

Nou amize nou anpil pandan jounen an.

Salye matant mwen.

Chèlin Women

Kouzin ou



santye :
Ti chemen ki nan mitan yon kolin.

domine :
Ki sitiye anwo.

M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki relasyon ki genyen ant Chèlin ak Nina Aleksann ?
2. Ki kote yo ta prale ?
3. Nan ki zòn yo pase pou yo rive kote yo ta prale a ?
4. Vre oswa pa vre :
 - Lekòl Chabo plase nan vil Gonayiv.
 - Mòn Pilbowo tou pre Lenbe.
5. Site tout mo ki gen rapò ak relyèf nan tèks la.

Leson 74. Relyèf ak vejetasyon

Nina ekri Chèlin, leson 73 la



Mwen se yon machin.
Mwen fè trafik tout kote.
Mwen pa kamyonèt.
Mwen pa taksi non plis.
Mwen long anpil.
Mwen pote anpil pasajè.
Pi souvan mwen fè zòn ki lwen.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

santye domine peyizaj pant wout rivyè



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Pant : teren ki pa plat, ki tankou yon ti mòn.

Peyizaj : tout sa nou ka wè nan yon zòn tankou pyebwa, mòn, kay...



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki sa Chèlin di kouzin li « Lespri nou branche » ?
 2. Ki diferans ki genyen ant mòn ak plenn ?
 3. Èske li bon pou lekòl al fè vizit ak elèv yo ? Pou ki sa ?
 4. Ki kote nan peyi a ou ta renmen al vizite ak lekòl ou ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Mòn yo ofri nou bèl peyizaj. Plis n ap monte pi wo, plis n ap ka wè jan plenn yo ak plato yo bèl. Lè mòn yo gen anpil pyebwa, li fè fre. Lapli tonbe pi souvan.

Mwen dwe konnen

- Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
-

Leson 75. Relyèf ak vejetasyon



Mwen se yon gwo van.
Mwen mache ak gwo lapli.
Lè m ap vini tan an maske.
Nyaj yo tou gri.
Lè m pase, mwen fè gwo dega.
Mwen kase branch bwa,
Mwen fè fèy tòn vole.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

zwazo

lasigal

chante

konsè

koute

lèswa



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Konsè : gwo espektak kote moun ap koute mizik.

Anvayi : ranpli an kantite.

Mwen dwe konnen

- **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bèt oswa de ki objè y ap pale.
 - Nan lang kreyòl, **detèminan demonstratif** yo se : **sa a**, **sa yo**.
 - Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
 - Tout detèminan posesif yo toujou vini aprè non an.
-

Si



Si n ta renmen respire bon jan lè
Si n ta vle zwazo rekòmanse chante
Si n ta renmen koute konsè lasigal lès wa
An nou plante pyebwa.

Si n ta renmen lapli tonbe san kè sote
Si n pa vle larivyè yo anvayi nou
Si n pa vle inondasyon detwi jaden yo
An n plante pyebwa.



Ann fleri mòn yo ak pyebwa
Nan simen, wouze, plante.



M ap reflechi sou tèks la

1. Vre oswa Pa vre : Tèks sa se yon pwezi.
 2. Bay de rezon ki dwe fè n plante pyebwa.
 3. Ki sa inondasyon konn fè jaden yo ?
 4. Ki sa n dwe fè pou n fleri mòn yo ?
-

Leson 76. Respè senbòl nasyon an



M ap li

nòt

konpòtman

im nasyonal

senbòl

diyite

nasyon



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Fyète : santiman satisfaksyon ak lonè yon moun genyen.

Nasyon : gwoup moun k ap viv nan yon menm peyi, ki pataje menm kilti, menm tradisyon epi ki pale menm lang.



M ap li ak bon ton

Toupatou drapo ap flote.

Yon drapo se senbòl libete.

Se senbòl yon nasyon.

Li merite respè ak admirasyon.

Nòt pou elèv entitasyon Remon Andre

Senmak, 22 septanm 2013


Nòt pou elèv yo

Nou vle raple tout elèv li enpòtan pou yo genyen bon konpòtman lè drapo ap monte.

ran :

Gwoup moun ki kanpe youn aprè lòt.

- Mete nou an **ran**. Youn dwe bay lòt distans.
- Evite bay blag ak jwe.
- Kanpe dwat.
- Chante im nasyonal la ak fyète.



pèp :

Gwoup moun k ap viv nan yon peyi.

Yon lòt fwa ankò, n ap raple tout elèv im nasyonal la ak drapo a se fyète peyi a, fyète tout Ayisyen. San yo, pa gen nasyon. Drapo a ak im nasyonal la se senbòl diyite ak fyète nou kòm **pèp**.

Depi jodi a nou swete chak elèv konprann enpòtans drapo a. Nan menm sans la, nou mande tout elèv pou yo byen konpòte yo lè drapo ap monte.

Drapo nou se fyète nou. An nou respekte li.

*M. Ari Byenneme
Responsab disiplin
Institisyon Remon Andre
Nan biwo l.*



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès nòt la konsène ?
2. Ki travay Ari Byenneme fè nan lekòl la ?
3. Pou ki rezon Ari mete nòt la ?
4. Pou ki sa nou dwe respekte drapo nou ?

Mwen dwe konnen

- Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non pou montre ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
- **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè mo li kalifye a.

Leson 77. Respè senbòl nasyon an

Nòt pou elèv enstitisyon Remon Andre, leson 76 la



Mwen se senbòl chak peyi.
Chak maten mwen monte.
Chak apremidi mwen desann.
Mwen flote devan lekòl ak tout biwo leta.
Mwen gen koulè ble ak wouj.
Mwen se fyète chak ayisyen.
Mwen bezwen respè tout sitwayen.
Kilès mwen ye ?



M ap li

fyète pèp drapo ran blag jwe



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Diyite : respè yon moun merite.

Senbòl : desen oswa imaj ki reprezante yon lide oswa yon objè.



M ap reflechi sou tèks la

1. Èske w dakò ak sa responsab disiplin mande a ? Pou ki sa ?
 2. Si w t ap ekri yon nòt pou elèv yo nan lekòl ou a ki sa w t ap di yo ?
 3. Èske w dakò pou yo monte drapo avan n rantre nan klas ? Pou ki sa ?
-




M ap li ak bon ton

Im nasyonal la ak drapo a se fyète peyi a, fyète tout Ayisyen. San yo, pa gen nasyon.

Mwen dwe konnen

- Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
 - **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè mo li kalifye a.
-

Leson 78. Respè senbòl nasyon an



M ap li

istwa

komite

diskite

klas

konpòte

enstitisyon



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Nòt : mesaj ekri yon responsab voye bay plizyè moun alafwa pou l enfòmè yo sou yon desizyon ki konsène yo.

Istwa : seri evènman ki pase nan yon peyi moun ka ekri epi rakonte.



M ap li ak bon ton

Koulè drapo nou se rouj ak ble.

Deviz nou se libète, egalite ak fratènite.

Im nasyonal nou se ladesalinyèn.

Nou se ayisyen, ayisyèn.

Mwen dwe konnen

- Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.
- **Konpleman non** an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa presize sans non an.

Lèt pou responsab disiplin nan

Pòtoprens, 25 septanm 2013

M. Ari Byenneme
Responsab disiplin
Enstitisyon Remon Andre
Nan **biwo** l.

biwo :
Espas ki rezève
pou anplwaye
travay.

M Byenneme,

Nou, nan komite klas twazyèm
ane yo, te chita ansanm pou
diskite sou nòt ou te mete nan
chak klas. Nou tout dakò ak ou.
Elèv yo dwe byen konpòte yo


lè drapo ap monte. Lòt jou, nou etidye nan istwa d Ayiti, zansèt nou yo te
batay pou ba nou bèl drapo sa a.

batay :
Lite, goumen
pou defann dwa
w ak libète w.

Pou ankouraje tout elèv twazyèm ane pou yo gen bon konpòtman lè drapo
a ap monte, nou panse òganize yon konkou pwezi sou drapo a. N ap mande
ou pou ede nou planifye aktivite sa a. Nou kwè aktivite sa a ka fè elèv yo
konprann enpòtans drapo a.

Pandan n ap tann respons ou, nou salye w ak anpil respè.

*Evlin Tousen
Prezidan elèv twazyèm ane*



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Pou kilès lèt sa a ekri ?
 2. Ki responsablite Evlin genyen ?
 3. Ki leson elèv twazyèm yo te etidye ?
 4. Ki sa elèv yo pral òganize ?
 5. Pou ki sa elèv yo pral fè aktivite a ?
-

Leson 79. Respè senbòl nasyon an

Lèt pou responsab disiplin nan, lesson 78 la



Mwen se chante nasyonal yon peyi.

Mwen p ap janm chanje.

Timoun aprann mwen nan lekòl.

Mwen se chante ki fè fyète tout sitwayen.

Yo chante m lè y ap monte drapo.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

òganize

konkou

pwezi

planifye

aktivite

ankouraje



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Planifiye : òganize yon aktivite, yon evènman dapre yon plan.

Diskite : pataje ide ak yon moun sou yon sijè.



M ap reflechi sou tèks la

1. Pou ki rezon elèv yo te dakò ak nòt responsab disiplin nan ?
 2. Èske w panse li bon pou yo monte drapo ak chante im nasyonal nan lekòl yo ?
 3. Ki reyaksyon ou panse elèv yo pral genyen lè yo fin li nòt la ?
 4. Dapre ou èske responsab disiplin nan gen rezon ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

O, lekòl la ap fè yon konkou ! Yon konkou pwezi sou drapo. Sa a se yon bèl aktivite !

Konkou sa a ap ede elèv yo konprann pi byen enpòtans drapo a.

Mwen dwe konnen

- **Konpleman non** an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa prezize sans non an.
 - Pou nou jwenn **konpleman non** an nan yon fraz nou dwe poze kesyon « ki ? » devan non an.
-

Leson 80. Respè senbòl nasyon an



Mwen se yon enstitisyon leta.

Mwen la pou pwoteje moun

Ak sa moun posede.

Mwen dwe bay tout moun sekirite.

Mwen la pou m arete moun k ap fè

Move zak ak moun k ap pran zafè lòt.

Kilès mwen ye ?



M ap li

chemen

direksyon

mennen

monte

vanse

rive



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Chemen : wout yon moun dwe pran pou li ale yon kote.

Prizon : espas fèmèn kote yo mete moun ki fè move zak.

Mwen dwe konnen

- Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non pou montre ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
 - **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè mo li kalifye a.
 - **Konpleman non** an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa presize sans non an.
 - Pou nou jwenn **konpleman non** an nan yon fraz nou dwe poze kesyon « ki ? » devan non an.
-

Sou chemen pèdi tan



Nan lavi gen yon bann chemen
Ki prale nan tout direksyon
Genyen se lekòl yo mennen
Genyen ki mennen nan prizon
Men gen yon chemen an verite
L ap desann, l ap monte
Men l pa mennen okenn kote.

Si n te konnen, si n te konnen
Si n te konnen, ki kote nou prale
Si n te konnen pou ki n ap mache
Pou jodi a fò n ta vanse rive.

Jean Claude MARTINEAU, Koralen, Flè Dizè



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki tit pwezi a ?
 2. Nan direksyon chemen lavi a ka mennen nou ?
 3. Èske w konn pèdi tan w ? Kilè ?
 4. Èske w panse li bon pou n pèdi tan ? Pou ki sa ?
-

Leson 81. Respè pou lòt yo



M ap li

mouye

fache

awogan

meprize

malelve

ponpe



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Awogan : ki renmen meprize oswa diminye moun.

Meprize : konsidere yon lòt kòm si li pa gen valè.



M ap li ak bon ton

Lòt yo bezwen respè.

Kit li se yon frè kit li se yon sè,

Tout moun bezwen respè.

Nou dwe toujou bay lòt yo valè.

Kodenn ak kana

Mesye Kodenn ak mesye Kana t ap viv nan katye Laforè. Mesye Kodenn te toujou chèlbè, men li gen yon gwo defo li awogan e li renmen meprize lòt bèt yo. Mesye Kana, li menm, saj anpil. Li respekte tout bèt yo. Yon jou, pandan Kodenn ap pase bò basen dlo Kana a, pitit Kana voye dlo sou Kodenn. Kodenn fache. Li di :



« Kana, se nan yon fèt wi mwen pral la a, gade jan pitit ou mouye mwen ! Yo malelve anpil. »

Kana reponn :

« Se jwe y ap jwe, yo pa fè esprè. Tanpri eskize yo. »

Men Kodenn pa vle konprann , li di :

« Kana, lè ou wè m ap pase bò lakay ou, siveye pitit ou yo. »

move :
Fache, mare
min.

Kana pa t kontan jan Kodenn te pale ak li. Kòm mesye Kana renmen lapè, li pa t kontinye diskite ak Kodenn. Byen **move**, Kodenn tounen lakay li, l al chanje rad sou li. Se konsa sou wout la, li kwaze bab pou bab ak konpè Chen. Kòm li te dwe konpè chen yon kòb depi byen lontan, menm kote a li tonbe kouri olye li esplike l difikilte ki fè li poko ka peye dèt li. Konpè chen kouri dèyè mesye Kodenn. Lan kouri ak fè wout dekoupe pou sove li te rive devan kay Kana. Li rele :

sekou :
Ede yon moun
ki an danje.

« Kana, Kana, pote m **sekou** ! Ouvè baryè a pou mwen. »

San reflechi Kana ouvè pou li. Konpè Chen sote ponpe, li jape byen fò. Men Kana te gen tan fèmen baryè a. Finalman chen ale. Kana bay Kodenn yon goblè dlo paske li te sezi anpil. Aprè sa, pitit Kana yo fè te vèvenn pou li. Kodenn te sezi wè jan pitit Kana yo byennelve, yo gen lizaj. Jou sa a, Kodenn pa t vle al dòmi lakay li. Li deside pase nuit la kay Kana. Nan demen maten li remèt konpè chen kòb li a. Depi lè sa a Kodenn chanje, li respekte tout bèt nan katye Laforè. Se konsa tout bèt nan kanton an vin bon zanmi l tou.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ekri non pèsonaj ki mache ak sa yo di nan chak fraz sa yo :
Mwen saj epi m respekte tout bèt :
Mwen vle al nan fèt la byen pwòp :
2. Ki kote Mesye Kodenn ta prale ?
3. Ak kilès li rankontre sou wout la ?
4. Pou ki sa Mesye Kodenn kouri ?
5. Kay kilès li te oblije ale ?

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
 - **Non** an se mo ki pi enpòtan nan gwoup nominal la.
-

Leson 82. Respè pou lòt yo

Kodenn ak kana, leson 81 an



Mwen se yon bèt volay.
Mwen gen koulè blan
Oswa nwa ak blan.
Mwen gen bèk laj epi li long.
Pat mwen yo laj.
Mwen renmen naje nan rivyè.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

sezi

chanje

respekte

reflechi

diskite

esplike



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Byennelve : ki janti, ki gen lizaj, ki saj.

Kanton : katye, bouk, zòn.



M ap reflechi sou tèks la

1. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
 2. Daprè ou èske chen an byen konpòte l ? Bay rezon an.
 3. Pou ki sa yo bay Kodenn nan te vèvenn nan ?
 4. Èske li bon lè Kodenn nan chanje atitid li ak bèt yo ? Pou ki sa ?
 5. Ki mesaj ou jwenn lè w fin li istwa a ?
-



M ap li ak bon ton

Kilè yon moun se yon bon sitwayen ? Nou di yon moun se yon bon sitwayen, se lè li respekte tout moun. Lè li respekte opinyon lòt yo.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup nominal** fòm ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
 - **Non** an se mo ki pi enpòtan nan gwoup nominal la.
-

Leson 83. Respè pou lòt yo



M ap li

difikilte

malad

boulvèse

galope

ensiste

kouri



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Envite : mande yon moun pou l patisipe nan yon fèt, yon aktivite...

Boulvèse : twouble, pètibe, deranje.



M ap li ak bon ton

Yo toujou di aksidan pa avèti.

Mwen dwe toujou tande,

reflechir avan mwen aji.

Konsa m ap evite tout malè pandye.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
- **Non** an se mo ki pi enpòtan nan gwoup nominal la.

Bourik ak chen

Nan peyi Lamitye, gen yon bourik ki rele Dezobeyi. L ap viv nan yo gwo jaden ki chaje ak tout kalite zèb. Li pa t janm manke manje. Li toujou envite milèt, cheval, kabrit, mouton ak lòt bourik yo vin manje ak li. Epitou li toujou la pou ede tout lòt bèt ki nan difikilte. Lòt jou, granmmaten, Ti kabrit kouri vin reveye li. Li di Dezobeyi :
« Zanmi ou Galo malad. »



Galo se yon cheval k ap viv nan katye Lesperans. Li wo anpil. Se li ki gen plis laj nan mitan tout lòt bèt yo. Antouka nouvèl sa a boulvèse Dezobeyi anpil. Dezobeyi pa t pèdi tan. Li pran wout pou l al kay Galo. Kay Galo lwen anpil. Jou sa a, Dezobeyi galope pi vit pase yon milèt. Wop ! Li rive devan yon gwo rivyè. Li oblije kanpe sèk. Konpè Chen ki t ap manje bò rivyè a di li :
« Dezobeyi, ou pa ka travèse rivyè a non. Anpil lapli tonbe. Dlo a monte. »

Dezobeyi reponn :

« Ti dlo sa a pa anyen. Mwen ka travèse l. »

Konpè chen ensiste :

« Ou pa vle koute m. Si ou travèse rivyè a, dlo a ap **bwote** ou wi. »

Dezobeyi reponn :

« Pa pè pou mwen. Mwen gen fòs, mwen ka naje. »

Konpè Chen di :

« Se sa mwen pa renmen ak ou a wi. Panse pa w se li ki pou toujou bon. Fòk ou aprann koute konsèy lòt moun tou. »

bwote :
Charye.

lyann :
Plant ki gen tij long tankou yon kòd.

Dezobeyi pa fè ni de ni twa. Li plonje nan rivyè a. Mezanmi ! Dezobeyi kòmanse bwè dlo. Konpè Chen kouri al rache yon **lyann**. Aprè sa, li voye yon pwent lyann bay Dezobeyi. Dezobeyi kenbe ak dan li. Epi konpè Chen rale Dezobeyi met deyò. Dezobeyi di konpè Chen :

« Mèsi ! Mèsi anpil konpè. Ou sove lavi m. »

Konpe chen raple li :

« Ou dwe aprann koute konsèy lòt moun ba ou. »

Aprè eksperyans sa a, Dezobeyi aprann koute konsèy lòt yo. De jou aprè, dlo rivyè a vin plat. Dezobeyi al wè Galo. Li rakonte Galo jan li manke neye e kòman konpe chen sove li.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ekri non pèsonaj ki mache ak sa yo di nan chak fraz sa yo :
Mwen renmen pataje epi depi m kapab m ap ede w :
Mwen pa vle mal pou zanmi m, m toujou vle byen pou yo :
 2. Ki sa Galo te genyen ?
 3. Ki sa konpè chen te di Dezobeyi pou rivyè a ?
 4. Èske Dezobeyi te koute konpè Chen ? Sa k rive l ?
 5. Pou ki sa Dezobeyi al wè Galo aprè de jou ?
-

Leson 84. Respè pou lòt yo

Bourik ak chen, lesson 83 a



Mwen se yon bèt.
Mwen manje zèb ak fèy.
Mwen konn hanni.
Mwen pa cheval.
Mwen pa milèt.
Zorèy mwen long anpil.
Mwen kout epi mwen gwo.
Yo sele m pou ka pote chay.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

travèse bwote plonje neye lyann sove



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Ensiste : mande yon bagay plizyè fwa ak pèseverans.

Konsèy : pawòl saj ou di yon moun sou fason li ta dwe aji nan yon sitiyasyon.



M ap reflechi sou tèks la

1. Si w t ap chanje tit istwa a ki sa w t ap mete ?
 2. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ?
 3. Si w te nan plas Chen an ki konpòtman ou t ap genyen ?
 4. Daprè ou èske Dezobeyi ap chanje ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

Yon konsèy se yon bon remèd. Nou pa dwe pran l aprè gerizon an. Sa vle di nou dwe koute konsèy avan nou aji.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
-

Leson 85. Respè pou lòt yo



Mwen se yon bwason.
Yo bwè m tankou te.
Maten kou aswè.
Yo fè m ak dlo bouyi, ansuit yo ajoute
Poud mwen, aprè sa yo koule m
Ak yon grèg oswa
Nan yon aparèy espesyal.
Mwen gen koulè nwa.
Yo bwè m ak sik oswa san sik.
Yo konn bwè m ak lèt tou.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

redonn sentiwon laviwonn chemen demisyon abitan



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Redonn : ki pa fasil, ki bay anpil traka.

Demisyon : sa yo moun fè li bay vag oswa lè li kite yon travay.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
 - **Non** an se mo ki pi enpòtan nan **gwoup nominal** la
-

Bourik la



Nan yon ti chemen redonn
Kafe fè laviwonn
Tankou yon sentiwon
Ki nan ren mòn Tapyon

Yon kolonn abitan
Ak bourik yo devan
Y ap ri y ap pale
Yo pral nan mache

Lè yo rive yon kote
Ki rele Kafou Lanmò
Kote si pye ou chape
Moun pap janm wè ou ankò

Bourik la di non, non, non
Li pape vanse
Li p ap deplase
Li bay demisyon.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki kote yo ta prale ak bourik la ?
 2. Ki sa abitan yo t ap fè pandan vwayaj la ?
 3. Ki sa k ka rive si yon moun tonbe nan Kafou Lanmò ?
 4. Daprè ou pou ki sa bourik la di non li p ap vanse ?
-

Leson 86. Aprann pran inisyativ



M ap li

kalandriye

planifye

jijdeliy

chanpyona

boul

siflè



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kalandriye : tablo ki di ki jou ak lè yon seri aktivite ap fèt.

Jijdeliy : moun ki la pou ede abit la veye fot jwè yo fè pandan yon match foutbòl ap jwe.



M ap li ak bon ton

Milyen se yon gwo mekanisyen.

Li fò nan ranje fren.

Woslèn se doktè.

Li se yon espesyalis pou kè.

Yon bèl chanpyona foutbòl

Vakans Pak pral rive. Wobè ak Bènadèt kòmanse fè plan pou yo byen pase vakans la. Se konsa yo deside òganize yon chanpyona katye.

Nan de tan twa mouvman, Bènadèt ak Wobè fè yon reyinyon ak jèn gason ak jèn fi nan zòn nan. Yo reflechi sou tout sa y ap bezwen pou fè chanpyona a. Yo deside mete sou pye de komite pou fè tout preparasyon yo. Yon komite pral



siflè :

Entriman yon abit itilize pou l ka sifle sou teren an.

chèche esponsò pou sipòte chanpyona a. Yon lòt ap planifye kalandriye match yo epi achte materyèl tankou boul, **siflè**, elatriye. Kèk granmoun nan katye a te dakò fè abit ak jijdeliy. Finalman, enskripsyon kòmanse. Gen sis ekip ki enskri pou patisipe nan chanpyona a : ekip ri Brinach, ri Dòlmann, ri Lebon, ri Nikola, ri Bonòm ak ri Silven.

asire :

Gen garanti yon bagay ap fèt.

Avan chanpyona a kòmanse, komite yo fè yon reyinyon pou yo **asire** yo tout planifikasyon te byen fèt. Finalman, chanpyona te demare. Antouka se te yon bèl evènman sou katye a. Tout moun te byen amize yo.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki jan yo rele pèsonaj prensipal nan tèks la ?
2. Ki sa yo deside fè pou vakans pak la ?
3. Site tout sa komite a pral fè ?
4. Konbyen ekip ki enskri pou chanpyona a ?
5. Ki santiman moun sou katye a te genyen ?

Mwen dwe konnen

- Yon **vèb** se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab eksprime tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
- Nan lang kreyòl, yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb poukont li oubyen ak yon vèb ki gen lòt mo aprè li.
- **Vèb** la se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.

Leson 87. Aprann pran inisyativ

Yon bèl chanpyona foutbòl, lesson 86 la



Mwen se yon jwèt.
Mwen gen fòm won.
Mwen gen plizyè kawo.
Mwen gen yon vesi anndan m.
Yo ban m van pou mwen ka gwo.
Yo sèvi avè m pou jwe foutbòl.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

enskripsyon

enskri

esponnsò

sipòte

komite

reyinyon



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Enskri : anrejistre non yon moun oswa yon ekip pou patisipe nan yon aktivite.

Reyinyon : rankont yon gwoup moun fè pou yo ka diskite sou yon sijè.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki sa w konn fè pou vakans pak ?
 2. Èske w konn patisipe nan chanpyona ? Sa w konn fè ?
 3. Èske w panse yo te chwazi yon bon epòk ? Pou ki sa ?
 4. Si w te nan katye a ki konsèy ou t ap bay komite a ?
-



M ap li ak bon ton


Mwen pa dwe toujou ret tann.

Pou ki sa mwen pa dwe toujou ret tann ?

Paske mwen dwe pran inisyativ.

- Yon **vèb** se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab esplike tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
 - Nan lang kreyòl, yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb poukont li oubyen ak yon vèb ki gen lòt mo aprè li.
 - Vèb la se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.
-

Leson 88. Aprann pran inisyativ



M ap li

poul

kòk

mayi

pitimi

poulaye

pwojè



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Poulaye : ti kay oswa kalòj yo fè pou poul rete.

Pwojè : sa yon moun gen entansyon fè.



M ap li ak bon ton

Patisri a se pou Fito.

Li fè tout kalite gato.

Libreri a se pou Iv.

Sou etajè yo gen anpil liv.

Mwen dwe konnen

- Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb poukont li oubyen ak yon vèb ki youn oswa plizyè mo aprè li.
- **Vèb** la se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab esplike tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.

Zanmi poul

Matin ak Adriyen se marasa. Yo renmen bèt anpil. Depi lè yo gen dezan, poul se premye zanmi yo te genyen. Se sa k fè pi gwo rèv yo se pou yo gen yon gwo poulaye.

Lè yo vin gen kenzan, yo deside mete poulaye a sou pye. Toudabò, yo reflechi sou tout sa y ap bezwen pou fè poulaye a : kat manman poul, yon kòk, mayi, pitimi, dlo, medikaman, ak yon gwo kalòj. Pou mete pwojè a kanpe y ap bezwen yon bon kantite lajan !



Se konsa yo toulède dakò pou kase bwat sekrè yo. Matin jwenn twasan goud nan bwat pa li a. Adriyen li menm jwenn desan senkant nèf goud. Lè yo mete kòb yo ansanm yo rive achte de manman poul ak yon kòk. Men yo pa gen kòb ankò pou yo achte manje ak fè kalòj la. Yo oblije mare bèt yo anba yon pye zanmann nan lakou lakay yo a. Yon kote ki gen frechè. Men pi gwo pwoblèm yo genyen se Louki. Louki se yon gwo mal chen manman ak papa yo genyen. Louki toujou ap nui bèt yo. Matin ak Adriyen pè pou bèt yo pa kase kòd.

ebenis :
Moun
pwofesyon l se
fè mèb an bwa.

Se konsa yo deside al kay bòs Vensan. Yon gwo bòs **ebenis** sou katye a. Lè yo rive nan **atelye** bòs Vensan an yo ranmase tout ti moso planch ki atè a ki p ap sèvi ankò. Aprè sa, yo tounen lakay yo, yo konstwi yon gwo kalòj pou poul yo. Paran mesyedam yo te tèlman kontan bèl inisyativ yo pran, yo deside bay yo kòb pou achte manje pou bèt yo. Aaa! Marasa yo kontan!

atelye :
Lokal kote yon
atizan travay.

De mwa pa pase poul yo kòmanse ponn. Manman poul yo ponn ze san rete! Aprè sa chak manman poul yo kale sis ti poul. Matin ak Adriyen vin gen yon gwo poulaye ki chaje ak poul ak kòk. Depi lè sa a, yo kòmanse vann poul ak ze. Pwojè mesyedam yo vin yon reyelite !



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Kilès ki te zanmi pou l la ?
2. Ki rèv yo genyen ?
3. Ki sa yo bezwen pou fè poulaye a ?
4. Ak ki sa yo konstwi kalòj la ?
5. Pou ki sa paran yo te ba yo lajan ?

Leson 89. Aprann pran inisyativ

Zanmi poul, leson 88 la



Yo fè m ak planch.
Yo kouvri m ak tòl.
Mwen gen fòm kay.
Men mwen pa yon kay
Pou moun abite.
Mwen se yon kay poul grandi ak abite.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

ebenis atelye inisyativ konstwi kalòj marasa



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kale : lè yon ti poul fèt aprè yon manman poul fin kouve ze a.

Inisyativ : aksyon yon moun deside fè an premye.



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki lòt tit ou ta ka ba tèks la ?
 2. Pou ki sa marasa yo pè pou bèt yo pa kase kòd ?
 3. Èske w gen yon pwojè nan tèt ou ? Ki sa l ye ?
 4. Daprè ou èske paran timoun yo te byen fè fè lè yo ede marassa yo ? Pou ki sa ?
 5. Ki santiman w panse marasa yo genyen lè rèv yo reyalize ? Pou ki sa ?
-



M ap li ak bon ton

O, gade yon bèl kalòj ! Kilès ki fè l ? Se Mariz ak Jonas ki fè l. Antouka, mesyedam yo fè yon bon travay.

Mwen dwe konnen

- **Vèb** la se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab esplike tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
-

Leson 90. Enpòtans distraksyon



Mwen se yon plant.
Mwen donnen anba tè.
Lè mwen rèk, yo keyi m,
Ansuit yo seche m.
Lè m byen sèch yo griye m.
Lè yo fin griye m yo moulen m.
Mwen fè bon jan manba.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

kontantman

balanse

lodè

parèt

danse

monte



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Kontantman : sa yon moun santi lè kè li kontan.

Douvanjou : byen bonè nan maten anvan solèy leve.

Mwen dwe konnen

- Yon **vèb** se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab esplike tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
 - Nan lang kreyòl, yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb poukont li oubyen ak yon vèb ki gen lòt mo aprè li.
 - Vèb la se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.
-

Yon bèl ti flè



Ala yon bèl ti flè !
Li fenk parèt
Nan jaden nou an !
Ala kontantman
Lè li di nou bonjou
Nan douvanjou !
Gade, li ap balanse.
Ala danse l ap danse !
Lè van monte,
Se yon bon lodè
Ki pase !



M ap reflechi sou tèks la

1. Ki kote ti flè a ye ?
 2. Ki sa k fè ti flè a balanse ?
 3. Ki sa k pase lè van monte ?
 4. Èske w renmen admire flè ? Pou ki sa ?
-

Leson 91. Enpòtans distraksyon



M ap li

distraksyon

lokasyon

kontakte

kontra

mezon

envitasyon



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Distraksyon : aktivite pou moun distrè yo, divèti yo.

Lokasyon : aktivite kote yon moun lwe yon kay, yon veyikil, yon aparèy...

Yon jounen lanmè (Epizòd 1)

Chak ane gen lekòl ki toujou òganize jounen pou distraksyon elèv yo. Lekòl nasyonal Fito an li menm, ki nan zòn Lèzanglè, toujou òganize jounen pa l la an fanmi bò lanmè. Se yon bèl anbyans paran tankou elèv renmen.

Pou jounen sa a reyalize, se anpil moun, anpil bra ki mete ansanm. Lekòl la toujou fòme yon komite paran ak paran ki disponib pou reflechi sou tout kalite sijè. Menm komite sa a responsab pou ede lekòl la prepare jounen lanmè a.

kontakte :

Chèche jwenn kontak yon moun.

Konsa, byen bonè, manm yo chache konnen kantite fanmi ki enterese patisipe epi aprè sa, lekòl la prete yo yon fon espesyal pou yo fè preparasyon yo. Anpil demach kòmanse fèt : yo **kontakte** mezon lokasyon bis epi yo siyen **kontra** ak sila ki bay pi bon pri ; y al vizite plaj la pou pou yo wè kòman y ap ranje li pou resevwa envite yo.

kontra :

Akò oswa antant yon moun jwenn ak yon lòt.

Nan reyinyon paran yo, lekòl la anonse jounen pwomnad bò lanmè a. Epi, twa semèn anvan, yo voye kat envitasyon yo bay fanmi yo.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki distraksyon lekòl la òganize pou elèv yo ?
 2. Ki wòl komite paran an genyen ?
 3. Ki demach yo te fè ?
 4. Pou ki sa yo anonse jounen pwomnad la twa semèn anvan dat la ?
 5. Èske w renmen patisipe nan jounen pwomnad lekòl ou òganize ?
-

Leson 92. Enpòtans distraksyon



Mwen se yon espas bò lanmè.
Mwen chaje ak sab ak wòch galèt.
Mwen gen pye kokoye sou mwen,
Kannòt, filè sou mwen tou.
Mwen se kote moun vin benyen nan lanmè.
Vin jwe foutbòl oswa volebòl.
Kilès mwen ye ?



M ap li

mobilize

kòdonatè

kominike

pasaje

sekirite

polis



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Mobilize : rasanble fòs ou pou fè yon aktivite.

Kòdonatè : moun ki gen responsablite pou òganize ak siveye dewoulman yon aktivite.

Yon jounen lanmè (Epizòd 2)

Jou a rive. Tout moun debake nan lekòl la. Se la randevou a te kase pou sizè nan maten.

Elèv yo akonpaye plizyè manm nan fanmi yo : gran frè, ti sè, manman oswa papa ; chak moun ak yon bagay nan men yo. Soti devan lekòl la jouk rive nan dènye bout ri a, yon dizèn bis aliyen. Nan ki bis n ap monte, se kesyon sa a tout moun ap poze. Yon ekip byen disipline ap fè moun yo monte nan bis yo. Selon premye chif ki nan nimewo kat yo, y ap di w ki bis pou ou pran. Yon ekip apeprè kenz polis te deja mobilize pou jere kesyon sekirite tout **pasaje** yo.

pasaje :

Moun ki nan yon machin prive oswa piblik.

Vè setè trant, kòdonatè aktivite a sèten tout bis yo fin ranpli, li bay siyal pou premye bis la derape. Se yon bèl defile soti devan lekòl nasyonal Fito pou al Monwi. Bis yo ap defile youn pa youn. Tout moun nan lari ap gade.

kominike :

Pale, diskite ak yon moun.

Sou tout wout la, kòdonatè jounen an ap **kominike** ak chofè chak bis pou konnen kouman y ap vanse sou Monwi.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki lè yo bay randevou pou pwomnad la ?
 2. Konbyen bis ki pral mennen yo ?
 3. Ki jan yo fè anbakman nan bis yo ?
 4. Ki sa kòdonatè a fè pandan yo sou wout la ?
 5. Èske w panse jan yo òganize a bon ? Pou ki sa ?
-

Leson 93. Enpòtans distraksyon



M ap li

animasyon

laplanch

douch

manm

manifeste

sekwe



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Laplanch : sa moun fè lè li kouche sou do nan lanmè oswa nan yon dlo dous san li pa plonje.

Animasyon : divès aktivite moun fè pou yo distrè yo.

Yon jounen lanmè (Epizòd 3)

manm :

Moun ki fè pati yon komite, yon asosiyasyon.

douch :

Pati nan yon kay kote moun benyen.

Rive sou plaj la, tout moun desann, y ap pran plas. Aprè direktè a fin pran lapawòl pou lanse jounen an, yon **manm** komite òganizatè a vin enfòmè moun sou jan jounen an pral dewoule epi ki kote y ap jwenn tout sa yo bezwen tankou : twalèt, **douch**, yon restoran pou achte manje ak bwason, eksetera.

Yon didje byen enstale ap kreye animasyon. Anbyans la bèl, tout moun kè kontan ! Timoun kou granmoun ap fè ti sekwe kò tanzantan. Genyen k ap pran ti dejene, gen lòt k ap dezabiye, gonfle chanm pou y al naje, kouche sou chèz long eksetera. Sa ki pi prese yo rantre nan dlo a, y ap benyen, fè laplanch epi jwe balon nan mitan lanmè a.

Nan mitan jounen an, yon mach final pral jwe: klas 4èm B kont 5èm C. Tout moun reyini bò yon ti teren foutbòl. Paran tankou elèv ap chofe ekip pa yo.

Jwè yo deside sou teren an, chak ekip vle genyen. Chak gòl ki fèt, se gwo rèl sipòtè yo pou manifeste lajwa yo. Toude ekip yo byen jwe men 4èm B genyen match la 2 a 1. Kèk fanatik 5èm C tonbe kriye, men, se te jis pou yon ti moman. Jwè ekip yo felisite youn lòt nan fen match la.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa yo fè lè yo rive sou plaj la ?
 2. Kilès ki te lanse jounen an ? Ki sa l te fè ?
 3. Ki aktivite ki te genyen ?
 4. Pou ki sa kèk fanatik ekip 5èm te kriye ?
 5. Si w te sou plaj la ki sa w t ap fè ? Pou ki sa ?
-

Leson 94. Enpòtans distraksyon



Mwen se yon bèl espas.
Mwen byen dekore.
Mwen fèt an bwa oswa an beton.
Mwen se kote moun achte manje
Epi chita pou yo manje.
Yo ka vin bwè tout kalite bwason tou.
Gras ak mwen pèsonn pa manje nan lari.
Ki sa mwen ye ?



M ap li

restoran

enstale

didje

òganizatè

mizik

benyen



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Restoran : kote yo prepare manje pou vann.

Enstale : pran yon plas.

Yon jounen lanmè (Epizòd 4)

didje :

Moun ki la pou woule mizik nan yon fèt, nan yon pwogram.

Après match la, tout moun ale chèche manje pou reprann fòs. Restoran an genyen yon fil moun k ap tann. Moun ki te pote manje deja enstale yo pou yo savoure vyann fri, bannann peze, diri ak salad tout kalite. Gen elèv ki envite ti zanmi yo vin manje avèk yo. **Didje** a mete yon mizik pi dous pou tout moun manje nan lapè e ki fasilite konvèsasyon nan mitan gwoup moun ki nan jounen an.

Kèk minit après manje a, gen moun ki pwofite al benyen, gen sa ki lonje sou yon chèz long oubyen sou yon sèvyèt pou repoze yo. Timoun yo ap fè jwèt voye dlo youn sou lòt.

A twazè edmi, direktè a pran lapawòl nan mikwo a pou li anonse jounen an prèske fini pandan li envite tout moun soti nan lanmè a pou ranmase zafè yo. Li tou pwofite remèsye tout moun.

òganizatè :

Moun ki responsab pou òganize yon aktivite.

Piti piti moun kòmanse plen bis yo pou retounen lakay. Komite **òganizatè** a se dènye gwoup ki kite plaj la dekwa pou yo sèten pa gen pyès moun ki rete. Lè tout moun fin chita, kòdonatè jounen an fè bis yo repran wout. Jounen an te enteresan men li kite fatig li tou. Sou tout wout la, pasaje yo ap desann, sèl sila yo ki rete tou pre lekòl la oswa pi lwen ki rete nan moman bis yo rive devan lekòl la. Jounen lanmè sa a se yon bèl souvni pou tout moun.



M ap chèche enfòmasyon nan tèks la

1. Ki sa yo fè après match la ?
 2. Ki jan yo te òganize manje a ?
 3. Ki sa Direktè a te anonse a twazè ?
 4. Pou ki sa yo di jounen an te enteresan men fatigan ?
 5. Pou ki sa elèv yo di yo p ap bliye jounen an ?
 6. Si w te la nan jounen an èske w t ap renmen l tou ? Pou ki sa ?
-

Leson 95. Enpòtans distraksyon



Mwen pa yon machin.

Mwen pa yon avyon.

Mwen pa yon elikoptè non plis.

Mwen mache a motè oswa ak vwal.

Mwen pote monte ak machandiz.

Mwen mache sou lanmè.

Ki sa mwen ye ?



M ap li

vag

farinay

admire

relache

kalme

rafrechi



M ap aprann sans mo ki nan tèks la

Vag : kantite dlo lanmè van pote.

Farinay : lapli k ap degoute, ki pa tonbe fò.

Lanmè

Ble pal, ble wa, ble syèl

Yo tout fè yon sèl

Pou abiye w.

Bèl plezi pou tout moun admire w.

E ou menm ou ta di yon leman

K ap di pwoche, vini, rete

Pou n kite bri vag yo kalme nou

Pou farinay dlo lanmè a rafrechi nou

Pou n relache mis nan kò nou

Pou n detann nou san vire gade dèyè.

Pa gen tankou lanmè !



M ap reflechi sou tèks la

1. Site tout koulè lanmè ka genyen ?
 2. Site tout mo ki gen rapò ak lanmè.
 3. Ki sa dlo lanmè ka fè pou nou ?
 4. Èske w renmen al nan lanmè ? Pou ki sa ?
-

Kokoye

Nou jwenn kokoye nan yon pyebwa ki rele pye kokoye. Genyen li toupatou an Ayiti. Li fasil pou rekonèt. Li sanble ak pye palmis men li yon ti jan panche. Li donnen gwo grap ki gen anpil kokoye.

Nou fè plizyè bagay ak pye kokoye. Nou kouvri tonnèl, kay ak fèy yo. Ak ti bwa jòn ki nan mitan ti fèy yo nou fè panye, valiz, bèso pou ti bebe, kòbèy pou flè. Gen yon ti vwal ki mare gwo fèy yo nan pye a, li sanble ak yon twal sak, yo fè pantouf, valiz, tablo pou dekore kay avèk li.

Lè kokoye a ole nou bwè dlo a. Se yon bon bwason. Li dous san nou pa mete sik. Li fre san nou pa mete glas. Li pwòp byen fèmen nan bokal natirèl li. Se yon bon medikaman pou konbat chalè nan kò nou. Lè kokoye a chèch, chè li byen di, tou blan. Nou fè tablèt ak li. Nou graje li pou nou fè lèt kokoye. Nou konn mete li nan manje. Nou fè lwil ak li tou. Gen peyi ki sèvi anpil ak lwil kokoye.

Jamayik gen gwo izin ki fè lwil kokoye pou fè manje. Nan plizyè peyi Afrik, yo penyen cheve ak li. Lè atis pent ap prezante Ayiti sou tablo, yo renmen mete yon pye kokoye.

Gito

Mwen pa janm kapab bliye Gito. Li te pase yon sèl ane nan lekòl la, men mwen pa kwè ankenn elèv dwe bliye li. Nou te nan sizyèm ane ansanm. Se te wa klas la. Li te pi gran pase nou tout. Li te pi dezòd. Chak jou, Gito vini nan klas la ak yon bagay pèsonn pa konnen oubyen pèsònn pa konn fè. Jwèt sa a genyen pou li pase nan men tout elèv, youn aprè lòt, pou yo manyen li, gade li, lonje li bay yon lòt elèv pa anba ban, lè mèt la vire tèt li lòt kote.

Yon jou se te yon ralba. Ankenn elèv nan klas la pa te ko wè mòd ralba sa a : se avèk yon gwo bouchon boutèy Gito te fè li. Yon bouchon espesyal. Gito te fè bèl ti desen sou ralba a avèk penti. Yon lòt fwa se te yon ti kannòt an papyè. Yon lòt fwa ankò, se te yon zwazo an jwèt : depi ou ba li chenn, li tonbe chante. Jou sa a, mèt la mache tout andedan klas la pou li jwenn elèv k ap fè bri a. Chak fwa li tandè chante a yon kote, li pa jwenn li lè li al chèche li : zwazo a gentan chanje men. Men se te dènye fwa tou Gito te fè jwèt sa a : lè mèt la bouke chèche, li kanpe byen tris epi li rakonte ki sa yon mèt ye, jan travay li di, jan l ap fè efò pou li ede nou vin save. Depi lè sa a, se nan rekreyasyon Gito montre ti trezò li yo. Epi tout timoun vin travay pi byen, vin bay plis ranman nan klas la.

Biwo Eta – sivil

Lè yon moun fèt manman li oubyen papa li dwe al di non li avèk dat li fèt nan biwo eta – sivil ki nan zòn lifèt la. Moun ki anchaje anrejistre non timoun nan se yon anplwaye leta ki rele ofisye - eta – sivil.

Gen ofisye eta - sivil nan tout zòn peyi a. Yo gen gwo rejis lakay yo, sa vle di gwo kaye pou yo ekri non ak dat tout moun ki fèt, tout moun ki marye, tout moun ki divòse ak tout moun ki mouri. Ofisye eta – sivil dwe fè travay yo byen pou moun pa gen pwoblèm lè yo bezwen yon papyè enpòtan.

Chak de zan, ofisye eta - sivil yo voye rejis yo nan achiv nasyonal Pòtoprens kote tout ayisyen dwe jwenn non yo anrejistre ak tout lòt enfòmasyon sou yo : maryaj. Divòs...

Achiv nasyonal se yon biwo enpòtan. Si yon moun pèdi batiste li oubyen si li wè yon erè ladan, se nan achiv nasyonal li regle sa. Si yon moun pa anrejistre nan achiv se yon gwo pwoblèm pou li.

Vaksen

Lè yon epidemi nan yon peyi, yon bann moun kapab genyen menm maladi a nan tout yon zòn. Lè konsa, gen anpil timoun ki absan lekòl poutèt maladi a epi l ap kontinye antre sou rès elèv yo grenn pa grenn. Yon pakèt maladi te konn touye timoun konsa lontan. Gen lòt maladi tou ki konn ravaje timoun nenpòt lè, san se pa epidemi ki genyen. Maladi sa yo rele koklich, malarya, tifoyid, tetanòs, difteri ak yon maladi touse yo rele maladi pwatrinè.

Pafwa gen yon timoun k ap fè yon vye touse ki vin mèt mèt. Detwa jou, moun pa wè li ankò. Se maladi touse ki tonbe sou li. Detwa jou, moun tande rèl nan katye a : se timoun nan ki mouri. Gen de lè, yon klou kapab pike yon timoun ; mikwòb ak salte antre nan blese a, timoun nan pran tetanòs. Distans pou yo rive kay doktè ak li timoun nan mouri. Kounye a, malè sa yo pa rive souvan ankò.

Lamedsin prepare yon vaksen pou chak maladi sa yo. Vaksen an, yon moun dwe pran li anvan maladi a antre sou li. Se yon pwoteksyon li ye. Menm si yon maladi ap fè ravaj nan yon katye moun ki vaksinen pou li p ap genyen maladi sa a. Leta mete vaksen nan lopital, sant desante, pou moun ansent, tibebe, tout moun. Moun ki ale nan klinik prive, yo jwenn vaksen tou. Radyo ak televizyon toujou fè moun konnen lè gen epidemi pou yo toujou al vaksinen.

Konprann sa nou li, IPN (1984)

Yon lèt pou Jan

Tòbèk, 21 mas 2014

Mon chè Jan,

Ou konnen vakans la rive ! Se lè pou nou monte kap, manje mayi boukannen, benyen nan lanmè ak nan larivyè.

Ane sa a, papa m pwomèt mwen, l ap fè mwen jwi vakans la si mwen pase pou katriyèm ane a. Mwen pa bliye ou Jan. Mwen mande papa mwen pèmisyon pou ou vini pase yon senmenn ak mwen, li dakò.

Se pou fè mwen konnen kilè ou ap vini pou mwen kapab ale tann ou nan kafou tòbèk.

Salye tout fanmi ou pou mwen.

Zanmi ou,

Jozèf



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li - ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014